

MANDE DIYITE MANDE DIYITE MANDE DIYITE MANDE DIYITE MANDE DIYITE MANDE DIYITE



POU KWAPE LAMIZÈ AK ABI

KOUMAN POU PWOTEJE TIFI KAP
TRAVAY KÒM DOMESTIK ANN AYITI

VIV SAN VYOLANS
SE YON DWAZIMEN

AMNESTY
INTERNATIONAL



MOUN KWÈ KE GENYEN PLIS PASE 100.000 TIFI KI GENYEN ANT 6 EPI 17 LANE KAP TRAVAY KÒM DOMESTIK ANN AYITI. POUTÈT Y AP VIV LWEN FANMI Y AK ZANMI Y EPI DEPANN DE MOUN KI ANPLWAYE Y OUBYEN FANMI KI EBÈJE Y, TIMOUN SA A YO AP KONFWONTE GWO RIS POUTÈT ABI FIZIK AK VYOLANS SEKSYÈL.

Vyolans seksyèl kont fanm ak tifi blayi toupatou nan peyi Dayiti. Vyolans sa a sitou sible tifi yo: plis pase mwatye tifi ki di yo vyole y genyen 18 lane oubyen mwenske sa. Menmsi bonjan evidans sou vre dimansyon pwoblèm vyolans seksyèl kont tifi ann Ayiti toujou ra, sepandan, enfòmasyon ke Òganizasyon Non-Gouvènmantal (ONG) ranmase bay bonjan lide sou dimansyon pwoblèm sa a. Pa egzanp, Solidarite Fanm Ayisyen (SOFA) dokimante 238 ka vyòl sòti Janvyè 2007 rive Jen 2008; 140 nan ka sa a yo enplike tifi ki genyen ant 19 mwa epi 18 lane.

An 2007, dapre estimasyon INISÈF (UNICEF) te fè, te genyen plis pase 100.000 tifi ki genyen ant 6 epi 17 lane kap travay kòm domestik ann Ayiti. Tifi sa a yo ap konfwonte yon danje espesyal poutèt abi fizik ak vyolans seksyèl.

Souvan timoun kap travay kòm domestik sòti nan fanmi ki nan malsite. Poutèt y ap viv nan yon sosyete ki rejte y, moun estimagize y, eksplwate y epi maltrete y. Poutèt pa genyen anpil moun ki okipe y, timoun sa a yo ap mennen yon vi kote yo sèl, izole e vilnerab epi kote y ap konfwonte abi nan men lòt moun.

Atik 32 Konvansyon sou Dwa Timoun rekonèt ke “Timoun genyen dwa pou y jwenn pwoteksyon kont eksplwatasyon ekonomik epi kont presyon pou y fè nenpòt travay ki kapab reprezante yon danje pou yo, ki kapab antrave edikasyon y, oubyen ki kapab reprezante yon menas pou sante y kòm pou devlopman espiyèl, fizik, mantal, moral epi sosyal yo.”

TRAVAY DOMESTIK TIMOUN FÈ

“Te genyen yon potòrik gason ki te frè premye mari madan lan. Li te dòmi nan yon chanm yo te konstwi nan lakou a akote yon kwizin kote mwen te abitye dòmi nan mitan yon pil chabon, yon dal fatra epi rat. Yon swa li frape nan pòt kwizin lan epi mande m fè manje pou li. Mwen te oblije leve epi limen dife. Lè sa a, li mande m pou m tete l epi li pwomèt achte yon bèl poupe pou mwen. Sa te eksite m anpil poutèt mwen te vle yon poupe mwen te abitye wè lè m al fè mache. Mwen fè sa pou li men poupe a pa janm achte. Mwen te tèlman anvi poupe sa a ke mwen fè sa tou pou lòt gason ... Men, mwen pa janm jwenn okenn poupe.”

Tifi sa a rele Loransya. Yo site l nan Etid preliminè sou eksplwatasyon seksyèl moun ki minè pou fè lajan sou tèt yo (*Etude exploratoire sur l'exploitation sexuelle des mineurs à des fins commerciales*) Òganizasyon Entènasyonal di Travay (International Labour Organization) te pibliye an 2003. Loransya te abite Kenskòf ak paran l. Lè li te genyen 8 lane, malsite te fòse fanmi l voye l al travay kòm domestik nan Kafou nan Pòtoprens.

Dabitid yo rele timoun ki travay kòm domestik ‘restavèk’ (ki baze sou fraz “rester avec” an franse). Mo sa a genyen yon sans pejoratif poutèt li enplike ke fanmi timoun sa a yo rejte y. Timoun sa a yo ap viv ak anplwaye y oubyen ak fanmi ki ebèje y --souvan se pwòp fanmi y-- kote yo travay kòm domestik epi jwenn manje ak yon kote pou y dòmi an konpansasyon.

Se malsite jeneralize ann Ayiti ki lakòz prensipal sistèm restavèk. Pifò nan timoun k ap viv nan kondisyon sa a sòti nan fanmi riral k ap viv nan malsite, kidonk ki pa kapab bay yo manje, voye yo lekòl, oubyen okipe yo byen. Paran timoun sa a yo geyen lespwa pitit yo kapab amelyore lavi y lè yo desann lavil kote aksè a lekòl epi sante piblik miyò.

Sepandan, pifò timoun kap travay kòm domestik pa jwenn dwa yo, espesyalman dwa yo genyen pou y al lekòl oubyen jwenn bonjan manje ak swen medikal. Yo travay anpil, sitou nan netwaye kay, fè manje, al chèche dlo pou fanmi kote y ap travay, epi okipe lòt timoun nan fanmi lan. Genyen ladan yo ki fè komès nan mache. An konpansasyon pou travay yo, yo jwenn manje, yon kote pou y dòmi ak kèk rad. Se sèlman yon minorite ki jwenn bonjan edikasyon.

Deplizanpli genyen rapò k ap sikile ki endike ke rekritè yo rele koutye (*courtier* an franse) k ap chèche timoun ap sible fanmi pòv ak anpil pitit pou ankouraje y bay pitit yo ak pwomès san fondman y ap fè y jwenn yon lavni ki miyò. Timoun sa a yo se viktim yon trafik entèn epi vilnerab anba tout kalite eksplwatasyon, kòm pa egzanp vyolans seksyèl.

Aprè vizit li te fè ann Ayiti an Jen 2009, Rapòtè Espesyal Nasyozini sou Fòm Esklavaj Aktyèl deklare ke timoun k ap fè travay domestik ann Ayiti ap viv nan kondisyon ki reprezante “yon fòm esklavaj modèn”.



© Amnesty International

“Pratik sa a reprezante yon vyolasyon grav dwa pi fundamental timoun – ki se fondasyon yon sosyete – genyen epi ranfòse yon espiral vyolans malouk -- li fèt pou kwape imedyatman... Pwoblèm sa a fèt pou resevwa ak ijans pi gwo priyorite gouvènman an ak kominote entènasyonal la kapab bay”.

Gulnara Shahinian, Rapòtè Espesyal Nasyonziini sou fòm esklavay aktyèl, Jen 2009

Agòch: Yon tifi kap jwe nan biwo youn nan òganizasyon ki bay fanm ak tifi kap viv nan lari swen medikal debaz ak sipò an 2008. **Kouvèti rapò a:** Timoun ki te konn travay oubyen kap travay kòm domestik ap gade yon pyès teyat nan yon kan kote yo reyabilite timoun pandan lete; se ONG Fwaye Moris Siksto ki òganize sa. © Pete Pattison

VYOLANS SEKSYÈL

Rejina, yon jennfi ki genyen 15 lane epi kap viv nan yon sant pou sivivan vyolans seksyèl, di Amnisti Entènasyonal yo te voye l al travay kòm domestik lè li te genyen 10 lane; li te vin sove poutèt yo te bat li anpil. Li te rete pandan 4 lane nan Fwaye Moris Siksto pou timoun ki te travay kòm domestik. Pandan tan sa a li te kapab ale lekòl. Lè li te genyen 14 lane, li te vin reyini ak vre manman l ki t ap viv ak yon nouvo patnè epi pitit gason l ki te genyen 17 lane. Rapidman li te vin klè ke Rejina ta pral oblije kontinye travay kòm domestik andedan pwòp kay manman l epi pap ta kapab kontinye al lekòl. An Jen 2006, pitit gason patnè manman l te vyole l epi gwòs li. Lè sa li te sove epi pran refij pandan yon titan nan Fwaye Moris Siksto. An Fevriye 2007, Rejina fè yon pitit fi lè li te genyen 14 lane.

Tifi kap travay kòm domestik ap konfwonte yon pi gwo ris poutèt vyolans seksyèl. Lè yo depann de zòt totalman se kòm si yo pran nan pèlen e anpil tifi oblije aksepte abi. Kèk nan tifi sa a yo sove kite kay anplwaye y oubyen fanmi ki ebèje y pou y al viv nan lari kote yo rantre nan

pwostitisyon pou y kapab siviv. Dapre estimasyon INISÈF (UNICEF), genyen 2.500 timoun kap viv nan lari Pòtoprens, kapital peyi Dayiti. Pifò timoun sa a yo se ansyen restavèk.

Li difisil anpil pou sivivan bay rapò sou vyolans seksyèl yo te sibi. Ostak sa a yo reprezante yon gwo defi espesyalman pou tifi kap travay kòm domestik lè yo pa kapab jwenn yon lòt kote an sekirite pou y al viv oubyen sipò fanmi y. Òganizasyon kòm Fwaye Moris Siksto oubyen Limyè Lavi bay ansyen restavèk swen medikal ak lòt sipò, pa egzanp edikasyon. Sepandan, resous ke òganizasyon sa a yo genyen piti anpil konpare a dimansyon pwoblèm sa a.

REYAKSYON LETA

Lalwa nan peyi Dayiti pa genyen yon chapant legal klè ki pwoteje timoun.

An 2003, lwa ki pwoyibe epi elimine tout kalite abi, vyolans ak tretman inimen kont timoun te vin vote. Lwa sa a deklare ke timoun fèt pou viv nan fanmi sèlman kote

y ap jwenn “asistans epi solidarite”. Lwa sa a abwoje Chapit IX nan Kòd di Travay peyi Dayiti ki te tabli chapant legal esansyèl parapò a pwoteksyon timoun kap travay kòm domestik. Kòd di Travay sa a te pwoyibe anplwaman timoun ki genyen mwenske 12 lane kòm domestik epi te egzije ke fanmi ki ebèje y mande Enstiti Byennèt Sosyal ak Rechèch otorizasyon oka yo ta vle anplwaye yon timoun kòm domestik.

Lwa 2003 sa a angwo pat efektiv parapò a pwoteksyon timoun e abwojasyon Chapit IX nan Kòd di Travay vle di ke isaj timoun nan travay domestik, ki toujou kouran nan peyi a, pa genyen okenn ankadreman legal.

An 1997, peyi Dayiti te ratifye Konvansyon sou Dwa Timoun. Otorite peyi a te pwopoze kreyasyon yon Kòd pou Timoun pou pèmèt aplikasyon pwovizyon Konvansyon sa a. Nan moman n ap ekri rapò sa a, yo patko vote Kòd sa a.

Se Enstiti Byennèt Sosyal ak Rechèch ki responsab bay timoun ki vilnerab pwoteksyon e se Brigad pou Pwoteksyon Minè (BPM) andedan Polis Nasyonal Ayisyen ki responsab fè ankèt sou krim kont timoun. Sepandan, poutèt BPM manke resous adequa epi sistèm jidisyèl ann Ayiti pa fonksyone kòm sadwa se raman yo pini abi kont timoun.

An 2007, Ministè Afè Sosyal te prezante yon plan sou keksyon Pwoteksyon Timoun ki Vilnerab. Poutèt enstitisyon ki fèt pou aplike plan sa a fèb, plan te genyen yon siksè limite asavwa li pa bay timoun, espesyalman tifi, kap fè travay domestik bonjan pwoteksyon kont abi fizik epi seksyèl.


An 2007, Ayiti te ratifye Konvansyon Nimewo 182 Òganizasyon Entènasyonan di Travay te devlope. Konvansyon kle sa a klarifye nesite ki genyen pou otorite yo kwape fòm travay timoun ki pi malouk. Pami fòm travay timoun Konvansyon sa a pwoyibe, genyen travay domestik kote gen kondisyon ki rann tifi vilnerab anba abi fizik, presyon seksyèl ak lòt fòm eksplwatasyon. Lalwa entènasyonan toujou pwoyibe esklavaj, lòt fòm travay fòse, epi trafik moun.

Gouvènman ayisyen an, ak sipò kominote entènasyonan la, fèt pou ranfòse ak ijans mezi pou pwoteje tifi kap fè travay domestik epi fè plis efò pou kwape pratik sa toutbonvne.



Tifi kap pran dlo nan Depatman Dinò, Ayiti 2004.

WWW.DEMANDDIGNITY.ORG



MEN AKSYON POU MOUN PRAN

Souple ekri Prezidan ak Premye Minis pou mande y:

Bay tifi kap sibi vyolans fizik epi seksyèl bonjan pwoteksyon, espesyalman nan ka timoun kap fè travay domestik oubyen kap viv nan lari, ak mezi sa a yo:

- Idantifye tifi k ap konfwonte ris epi bay yo enfòmasyon sou mezi yo kapab pran pou pwoteje tèt yo ak mwayen yo kapab itilize pou y bay rapò sou abi fizik ak vyolans seksyèl yo sibi;
- Pran mezi pou asire ke enstitisyon ki la pou aplike Plan Nasyonal pou Pwoteksyon Timoun ki Vilnerab fè travay yo kòm sadwa;
- Kreye sant ki genyen sekirite kote tifi kapab jwenn swen medikal debaz ak sipò fasilman;
- Bay Brigad Pwoteksyon Minè andedan Lapolis Nasyonal Ayisyen enstriksyon ak bonjan resous pou l ankete sou tout ka ki enplike abi fizik oubyen seksyèl kont tifi kèlkeswa kontesk lan, espesyalman lè y ap travay kòm domestik;

■ Bay otorite jidisyèl yo enstriksyon ak resous adekwa pou y pwosekite tout ka ki enplike vyolans fizik oubyen seksyèl;

■ Kore, ak kowoperasyon donatè, pwogram ak lòt aktivite sosyete sivil la ap fè pou retire timoun anba sistèm travay domestik.

Souple voye lèt nou bay:

René García Préval
Président de la République d'Haïti
Palais National, Champs de Mars
Port-au-Prince, Haiti (W.I.)
Faks: +509 2224 4877
Salitasyon: *Monsieur le Président* an franse, *Ekselans* an kreyòl, oubyen *Mr. President* an angle

Premier Ministre de la République d'Haïti
La Primature, Route de Bourdon
Imp. Prosper, No.1 (Villa d'Accueil)
Port-au-Prince, Haiti (W.I.)
Salitasyon: *Monsieur le Premier Ministre* an franse, *Ekselans* an kreyòl, oubyen *Dear Prime Minister* an angle

Souple ekri Prezidan Asanble Nasyonal ak Chanm Depite pou mande y:

- Refòme lwa peyi Dayiti pou kwape abi sou tifi kap fè travay domestik epi pou lwa sa a yo konfòme ak obligasyon entènasyonan peyi Dayiti pran, espesyalman parapò a Konvansyon sou Dwa Timoun epi Konvansyon Nimewo 182 Òganizasyon Entènasyonan di Travay sou Fòm Travay Timoun ki pi Malouk;
- Adopte san delè lwa espesyal pou pwoteksyon fanm ak tifi kont tout fòm vyolans yo sibi poutèt seks yo epi mete resous adequa nan pwochen bidjè leta pou asire ke lwa sa a yo kapab aplike kòm sadwa;
- Adopte san delè yon Kòd pou Timoun ki enkòpore nan lwa peyi Dayiti pwovizyon Konvansyon sou Dwa Timoun.

Souple voye lèt nou bay:

Kelly C. Bastien
Président de l'Assemblée Nationale
Sénateur de la République d'Haïti
Sénat de la République
Av. Marie Jeanne, Cité de l'Exposition
Port-au-Prince, Haiti (W.I.)
Faks: +509 2222 8594, 2222 8543
Salitasyon: *Monsieur le Président de l'Assemblée Nationale* an franse, *Ekselans* an kreyòl, oubyen *Dear President of the National Assembly* an angle

Levallant Louis Jeune
Président de la Chambre des Députés
Député de la République d'Haïti
Chambre des Députés, Palais Législatif
Av. Marie Jeanne, Cité de l'Exposition
Port-au-Prince, Haiti (W.I.)
Salitasyon: *Monsieur le Président de la Chambre des Députés* an franse, *Ekselans* an kreyòl, oubyen *Dear President of the Chamber of Deputies* an angle

Amnesty International se yon mouvman global ki genyen 2,2 milyon manm nan 150 peyi ak teritwa kap fè kanpay pou kwape abi grav sou dwamoun.

Vizyon pa nou se wè ke tout moun kapab jwi de tout dwazimen ki enkòpore nan Deklarasyon Inivèsèl sou Dwamoun kòm nan lòt estanda entènasyonan sou dwamoun.

Nou pa depann de okenn gouvènman, ideyoloji politik, enterè ekonomik oubyen relijyon; se manm nou ak donasyon piblik ki finanse n.

Novanm 2009
Endèks: AMR 36/004/2009

Amnesty International Secretariat
Peter Benenson House
1 Easton Street
London WC1X 0DW
United Kingdom
www.amnesty.org